

## DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN

# Vaksen kont MMRV (Lawoujòl, Malmouton, Riberyòl, ak Varisèl): Sa ou Dwe Konnen

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang panyòl ak lòt lang yo. Gade sou [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

## 1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksen kont MMRV kapab anpeche w pran lawoujòl, malmouton, riberyòl, ak varisèl.

- **LAWOUJÒL (MEASLES, M)** kapab bay lafyè, tous, nen k ap koule sòs, epi je wouj ak je drandran, anpil fwa ki mache ak yon gratèl nan tout kò a. Li ka fè tonbe kriz (anpil fwa ki asosye ak lafyè), enfeksyon nan zòrèy, dyare, ak nemoni. Raman, lawoujòl kapab lakòz domaj nan sèvo oswa lanmò.
- **MUMPS (M)** lakòz lafyè, maltèt, doulè nan misk yo, fatig, pèdi apeti, epi li fè glan salivè yo anfle epi sansib anba zòrèy yo. Li kapab fè ou vin soud, anvlòp sèvo a anfle epi/oswa mwèl epinyè a, testikil oswa ovè yo anfle epi ap fè mal, epi, trè raman lakòz lanmò.
- **RIBERYÒL (RUBELLA, R)** bay lafyè, gòj fè mal, gratèl, maltèt, epi fè je yo sansib. Li kapab lakòz atrit lakay jiska mwatye fanm ki nan laj adolesans epi ki granmoun. Si yon moun pran riberyòl pandan li ansent, li kapab fè fos kouch oswa tibebe a kapab fèt ak gwo enpèfeksyon.
- **VARISÈL (VARICELA V)**, yo rele tou “poulpoul,” bay yon gratèl san parèy, akonpanye ansanm ak yon lafyè, fatig, pèt apeti, ak maltèt. Li kapab bay enfeksyon sou po, nemoni, anflamasyon veso sängen yo, anvlòp sèvo a anfle epi/oswa mwèl epinyè a, ak enfeksyon nan san, nan zo, oswa nan jwenti. Kèk moun ki gen varisèl devlope yon gratèl sovaj sou po an yo rele “zona” (yo rele tou herpes zoster) aprè kèk ane.

Majorite moun ki pran vaksen kont MMRV ap gen pwoteksyon pou lavi. Vaksen yo ak to vaksinasyon ki wo rann maladi sa yo pa popilè nan peyi Etazini.

## 2. Vaksen kont MMRV

Yo kapab bay timoun ki genyen 12 mwa jiska 12 lane Vaksen kont MMRV, jeneralman:

- Premye dòz apati 12 jiska 15 mwa
- Dezyèm dòz apati 4 jiska 6 lane

Yo kapab bay vaksen kont MMRV a an menm ak lòt vaksen. Olye MMRV, kèk timoun ta ka resevwa piki apa pou MMR (lawoujòl, malmouton, ak riberyòl) ak varisèl. Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

MMRV VIS - Haitian Creole (8/6/21)

## 3. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

Di founisè vaksinasyon ou an si moun lan ap pran vaksen an:

- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz MMRV, MMR, oswa vaksen kont varisèl**, oswa genyen tout **alèji ki grav, ki kapab bay lanmò**
- Li **ansent** oswa panse li kapab vinn ansent—moun ki ansent yo pa dwe pran vaksen kont MMRV
- Li genyen yon **sistèm iminitè ki fèb**, oswa genyen yon **paran, frè, oswa sè ki genyen yon antedan ereditè oswa pwoblèm nan sistèm iminitè jenetik**
- Li te deja genyen yon **maladi ki kapab genyen bouton oswa senyen byen fasil**
- Li genyen yon **antededan ak kriz**, oswa genyen yon **paran, frè, oswa sè ki genyen yon antedan kriz epileptik**
- Li **pran oswa prevwa pou pran silfat** (tankou aspirin)
- Li te resevwa **yon transfisyon san oswa lòt pwodwi abaz sanpa twò lontan**
- Li fè **tibèkiloz**
- Li **te resevwa lòt vaksen pandan kat (4) semèn ki sot pase yo la**

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante timoun ou an kapab deside pou ranvwaye vaksinasyon kont HPV pou yon lòt vizit oswa kapab rekòmande pou timoun lan resevwa MMR apa ak vaksinasyon kont varisèl olye MMRV.

Moun ki genyen maladi minè yo, tankou yon rim, kapab pran vaksen. Timoun ki pa twò malad oswa malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran vaksen MMRV.

Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.



U.S. Department of Health and Human Services  
Centers for Disease Control and Prevention

---

## 4. Risk reyaksyon ak yon vaksen

---

- Doulè nan bra kote yo bay piki a, reyaksyon alèjik kote yo bay vaksen an, lafyè, ak yon ti gratèl ka rive aprè vaksinasyon kont MMRV.
- Anflamasyon glann ki nan machwè yo oswa kou oswa doulè tanporè ak jwenti yo ki rèd pafwa ki parèt aprè yo fin pran vaksen kont MMRV.
- Kriz, ki rapò ak lafyè, ka parèt aprè yo fin pran vaksen kont MMRV. Risk pou tonbe kriz i pi wo anpil aprè MMRV olye aprè vaksen separe kont MMR ak varisèl, lè yo bay yo antanke premye dòz seri ki gen de (2) dòz lakay timoun ki pi piti yo. Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou konsèy sou ki vaksen ki bon pou timoun ou an.
- Reyaksyon ki pi grav yo pa rive souvan, tankou kantite plakèt tanporè ki ba, ki ka lakòz emoraji oswa ematom san parèy.
- Moun ki gen gwo pwoblèm sistèm iminitè yo, vaksen sa a ka lakòz yon enfeksyon ki ka menase lavi yo. Moun ki gen gwo pwoblèm sistèm iminitè pa ta dwe pran vaksen kont MMRV.

Si genyen yon moun ki genyen gratèl aprè vaksen kont MMRV, li ka gen rapò ak swa lawoujòl oswa konpozan ki genyen nan vaksen kont varisèl. Viris vaksen kont varisèl lan kapab transmèt bay yon moun ki pa gen pwoteksyon. Tout moun ki gen gratèl ta dwe kanpe lwen tibebe ak moun ki gen yon sistèm iminitè ki fèb jiskaskèl gratèl la disparèt. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an pou jwenn plis enfòmasyon.

Gen kèk moun ki pran vaksen kont varisèl epi pran zona (èpès zoster) kèk lane pita. Fenomèn sa a rive plis souvan aprè vaksinasyon olye maladi arisèl lan.

Pafwa genyen moun ki endispozè aprè pwosedi medikal yo, menm vaksinasyon ladan li. Di pwofesyonèl swen sante ou an sa si w santi pa byen oswa genyen chanjman an chan vizyon ou oswa zòrèy ou ap bouyi.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyaksyon alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremant an.

Haitian Creole Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health, Immunization Program

DCH-1494HC

Vaccine Information Statement AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.  
**MMRV Vaccine**

42 U.S.C. § 300aa-26  
8/6/2021

POU UTILIZE  
NAN BIWO  
SÈLMAN



---

## 5. Kisa k ap pase si genyen yon pwoblèm ki grav?

---

Yon reyaksyon alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyaksyon alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele **9-1-1** epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyaksyon efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov) oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS sèlman la pou rapòte reyaksyon yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

---

## 6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon Viktim Vaksen yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)

---

Pwogram Nasyonal Konpansasyon viktim Vaksen yo (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo kreye pou bay moun kèk vaksen ba yo pwoblèm rekonpans. Reklamasyon konsènan blesi oswa lanmò vaksen an lakòz genyen yon kantite tan pou fè depo a, ki kapab soumèt nan yon delè de (2) lane. Vizite sitwèb VICP lan sou [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation) oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi konsènan fason pou depoze yon reklamasyon.

---

## 7. Kijan pou jwenn plis enfòmasyon?

---

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan rejyon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Mediaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou [www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines](http://www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines).
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
  - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Vizite sitwèb CDC sou [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines).